

**Aspek Semiotis Sajrone Antologi *Geguritan Alam Sawegung* Anggitane Sudi Yatmana**

**Nurwula Kusmiati**

Pendidikan Bahasa Daerah (Jawa), FBS, UNESA (nurwula@yahoo.co.id)

**Abstrak**

Maneka-warna cara digunakake dening panggurit kanggo mujudake ekspresine. Sajroning mujudake ekspresine mau, saben panggurit nduweni cara dhewe-dhewe, gumantung saka *kreatifitas* anggone ngolah basa lan ngolah rasa. Salah sawijine panggurit kang tansah nengenake olah basa lan olah rasa sarta *filsafat eksistensialis* sajroning reriptane, yaiku Sudi Yatmana. Anggone mujudake olah basa lan olah rasa mau, lumantar *aspek semiotis* sajroning guritane.

Gegayutan kalawan andharan mau, prekara kang utama sajroning panliten iki, yaiku (1) Kepriye wujuding struktur guritan? (2) Kepriye wujuding *aspek semiotis*? (3) Kepriye maknane *aspek semiotis*? (4) Kepriye titikan *filsafat eksistensial-e* sajrone *Antologi Geguritan AS* anggitane Sudi Yatmana?. Katitik saka underaning panliten mau, bisa dijupuk ancasing panliten ing antarane, yaiku (1) Ngandharake wujud struktur guritan, (2) Ngandharake wujud tandha, (3) Ngandharake makna *semiotis*, (4) Ngandharake pamawas *filsafat eksistensial-e* Sudi Yatmana sajroning reriptane kanthi irah-irahan *Geguritan AS*. Panliten iki nggunakake tinthingan *struktural-semiotik* kanggo ngrembug prekara basa minangka tandha sajroning guritan. Sacara deskriptif, tinthingan *struktural-semiotik* adhedhasar pamawas manawa tandha minangka sawijining struktur pamikiring manungsa kang dumadi saka penandha (wujud kang *abstrak* utawa nyata) kang ana gayutane kalawan petandha (makna utawa konsep).

Panliten iki kalebu panliten *kualitatif* kang nggunakake tinthingan tembung utawa teks minangka sistem tandha. *Antologi Geguritan Alam Sawegung* anggitane Sudi Yatmana minangka sumber data kang awujud buku kang kababar ing taun 2010, dumadi saka satus seket wolu (158) irah-irahan guritan lan telung ngatus suwidak sanga (369) kaca kang diterbitake dening elmaterra publishing. Metode lan tata cara pangumpulan data, nggunakake metode *heuristik* lan *hermeneutik* kanthi cara *studi* kapustakaan kanggo ngumpulake buku kang magepokan kalawan teori sastra mligine ngenani struktur guritan lan prekara semiotik. Asiling panliten mau, wujud *aspek semiotis* kang ana sajroning guritan-guritan mau lumantar *struktur* guritan, kaya dene pamilihing tembung (*diksi*), *retorika* lan lelewaning basa ing antaranepurwakanthi *guru sastra*, *purwakanthi guru swara*, *purwakanthi lumaksita*, *rima mulak* lan *rima rata* sarta *citraan*. Pranyata, saliyane awew kaendahan, panganggone *aspek semiotis* lumantar *struktur* guritan mau, bisa najemake wujud tandha (*penandha*) sarta dhudhahmakna (*petandha*) sajroning guritan. Saliyane iku, sajroning guritane Sudi Yatmana uga tinemu *filsafat eksistensialis* kang nuduhake jati dhirine lumantar reriptane kanthi irah-irahan *Geguritan Alam Sawegung (Puisi-Puisi Alam Semesta) The Poems of the Existence*.

**A. PURWAKA**

Guritan mujudake salah sawijine jinising karya sastra kang rinipta adhedhasar pamikiring lan pangrasaning manungsa. Pamikir lan pangrasanig manungsa mau asipat *kotemplatif* lan *imajinatif* kang banjur njalari tuwuh daya *kreatif-e* manungsa. *Kreatifitas-e* kasebut arupa *ekspresi*-ne saka cipta, rasa, lan karsane kang didarbeki saben manungsa kang banjur diwujudake minangka reriptan sastra. Reriptan guritan minangka sawijine karya sastra ora bisa uwal saka panguripane manungsa.

Geguritan mujudake asiling reriptan, *kreatifitas*, lan *imajinasi*-ne panggurit, ora bisa uwal saka kahananing urip bebrayan. Sipat *imajinatif* minangka hakikating karya sastra, lan sipat *konotatif* sajrone basaning sastra, mujudake sawijining unsur kaendahan kang paling onja ing jagading karya sastra. Mula saka iku, kabeh mau bisa lumebu sajrone karya sastra kang asipat lirik, epik lan dramatik. Sipat-sipat mau kang dirasa nduweni nile becik nganti ala (Pradopo, 2007: 36).

Gozali (sajrone Pradopo, 2007:36) ngandharake yen karya sastra (kasusastran) iku tulisan utawa asile reriptan kang *unsur* kaendahane kalebu *unsur* paling onja, lan dituduhake kanthi tetembungan arupa seni lan basa kang endah. Basa kang endah sajroning guritan ora ndakik-ndakik basane, nanging kumudu-kudu trep lan mentes saengga bisa dingerteni dening para pamaos.

Adhedhasar wigatine basa minangka tandha kang kinandhut sajrone *Antologi Geguritan Alam Sawegung*, kaleksanan panliten iki, kanthi ancas kepengin mbedhah wujud kaendahan, piweling, pituduh, lan pitutur kang sumimpen sajrone. Saliyane iku prakara kang bakal dionceki uga ngenani makna lan *filosofis* kang kinandhut sajrone guritan-guritan mau, kanthi mujerake panliten lumantar struktur guritan lan basa kang diarani tandha sajrone geguritan. Awit saka iku geguritan kang dadi objek panliten, mligine kumpulaning geguritan Sudi Yatmana, kang kapacak sajroning *Antologi Geguritan Alam Sawegung*.

Kumpulaning geguritan mau mung ngemot geguritan kang asli reriptane Sudi Yatmana dhewe.

Geguritan mau dumadi saka suwelas topik, lan yen diwilang kabeh geguritan ing *Alam Sawegung* cacahé ana satus seket wolu irah-irahan. Kapilihe kumpulaning geguritan mau, awit ngandharake prakara *filsafat eksistensial-e* panggurit sajroning reriptane. *filsafat eksistensial* tinemu sajroning basa minangka tandha kang digunakake dening panggurit.

Katitik saka andharan mau, panliten iki kepengin nyumurupi wujud lan maknaning *aspek semiotis* kang diarani tandha. Saliyane iku, pengin ngerteni *filsafat eksistensial* sajroning antologi gegurita AS lumantar tinthingan *struktural-semiotik*. Panliten iki uga kepengin mangerteni titikane (*kekhasan*) panggurit lumantar reriptane. Kanthi migunakake titingan *struktural-semiotik*, panliten bisa mbedhah lan ngonceki geguritan kanthi irah-irahan *Alam Sawegung*.

Titingan *struktural-semiotik* kang bakal digunakake sajroning panliten iki, gayutan karo macae *struktur* guritan ana kene kawawas yen guritan ngandhut pamilihe tembung (*diksi*), lelewaning basa lan sapanunggalane. *Semiotis* sajroning geguritan arupa tandha kang ngemu makna. Tandha mau, ana gandheng cenenge karo kahanan sakiwa tengene manungsa sajroning bebrayan agung. Sajrone ngandharake bab kasebut digunakake teori *struktural semiotik* sarta konsep ngenani *aspek semiotis*. Awit saka iku, prelu anane andharan gegayutan tumrap konsep lan teori sing

Analisis *struktur*-ing karya sastra bisa ditindakake kanthi pambiyantu teori *struktural*. Manut sejarahé, kaya kang diandharake Ratna (2009: 76), pangrembakane *strukturalisme* lumantar rong tahap yaiku *formalisme* lan *strukturalisme dinamik*.

*Strukturalisme* sejatine arupa cara pamikir ngenani jagad gumelar. Jagad gumelar mau, wigati gayutane karo sambung rakete *struktur-struktur* mau. Miturut cara pamikire, jagad gumelar (karya sastra minangka jagad gumelar kang diripta dening pangripta) luwih nengenake susunan kang sipate gayutan tinimbang wujud barang. Mula saka iku, kodrat saben *unsur* sajroning *struktur* ora nduweni *makna*. *Makna* mau ditemtokake kalawan *unsur-unsur* sajroning *struktur* kasebut (Hawkes, sajroning Pradopo 2007: 17-18). Saka andharan mau, analisis *struktural* tumrap guritan mujudake analisis unsur-unsuring guritan. Paedah sajroning *strukturing* geguritan mau, sarta dingerteni yen saben unsur nduweni *makna* kang gegayutan kalawan *unsur-unsur* liyane.

*Unsur-unsur* kang ana sajroning guritan saemper karo *unsur* karya sastra liyane. Guritan ngemot prakara pamilihing tembung (*diksi*), *retorika*, lelewaning basa, swara, citraan lan kabeh mau ora dirembug ing karya sastra liyane. *Unsur-unsur* kaya mangkono nggunakake basa sajroning *semiotis* diarani tandha. Suwalike, ora

kabeh geguritan kang diripta dening panggurit ngemot tandha (*semiotik*).

Adhedhasar ancangan *semiotika* minangka tandha kang dadi sarana anggane cecaturan (*komunikasi*), (Teeuw sajroning Santoso, 1993: 2). Saka andharan mau njlentrehake manawa saben tandha kang ana sajroning karya sastra kang arupa *penandha* utawa *petandha*. *Penandha* utawa *petandha* mau ndadekake tuwuhe kagiyatan cecaturan (*komunikasi*) antaraning manungsa. Mula saka iku, bisa kalebu ancanganing *semiotika*. Saka basa minangka *sistem* tandha, mula karya sastra kang kalebu adhedhasar basa minangka sistem *semiotika* utawa sistem tandha. Pangripta anggane nyerat reriptane nggunakake basa. Mula saka iku, panggurit gelem ora gelem nggunakake *semiotika* sajroning karya sastrane.

Tembung *eksistensi* asale saka tembung *eks* (metu) lan *sistensi* turunene saka tembung kriya *sisto* (madeg, manggon). Mula saka iku, tembung *eksistensi* tegese manungsa madeg minangka dadi awake dhewe kanthi cara metu saka awake dhewe. Manungsa nemtokake dhirine ing tengah-tengahing alam donya lan sakiwa tengene. Awit saka iku, tembung *eksistensi* ditegesi manungsa madeg minangka dadi awake dhewe (*jati diri*). Ewasemana, manungsa ora padha karo kahanan alam donya liyane, wujud barang-barang liyane, jalaran manungsa eling lan nduweni cara pamikir manggon ing ngendi, saengga beda karo *makhluk* ciptane Pangeran liyane, (Nissa, 2012).

## B. METODHE

*Metode* panliten *semiotik* munjerake ing *paradigma metodologis kualitatif*. Saka andharan mau, ditegesi yen pamilihing *data* diselarasake kalawan *paradigma kualitatif*. Saka andharan mau bisa didudut yen panliten *kualitatif* sajroning panliten iki nggunakake tinthingan tembung utawa *teks* minangka *sistem tandha*. Sajroning tinthingan *semiotik*, *data* kang didadekake *objek* panliten umume *teks* minangk wakil saka kadadayan kang nate ditindakake sarta dadi *objek* tinthingan. Sumber data sajroning panliten iki, arupa sepuluh (10) geguritan anggitane Sudi Yatmana kang kapacak sajroning Antologi *Geguritan Alam Sawegung*. Sajrone nglumpukake data kasebut digunakake teknik kapustakan.

Tata cara analisis data sing ditindakake sajrone panliten iki yaiku 1) Nindakake maca tumrap *data* kanthi tumemen (*intensif*). Maca ing kene ditindakake kanthi maca sarana dibolan-baleni makaping-kaping supaya bisa ngerteni sarta mahami isi lan makna kang kinandhut sajroning geguritan. 2) Nindakake maca mau, banjur nganalisis *data* kanthi menehi tafsiran (*interpretasi*) saben guritan, saperlu mbedhah *makna* kanthi cara *displacing of meaning* (*penggantian arti*), *distorting of*

meaning (*penyimpangan arti*), *creating of meaning* (*penciptaan arti*) kang kinandhut sajroning *data* mau. Sadurunge menehi tafsiran, kudu nemtokake wujud *semiotis* sajroning geguritan kang ana gayutane kalawan aspek penandha minangka wujud sawijining tandha lan petandha minangka maknane tandha. Sawise iku, banjur bisa njlentrehake kanthi gamblang makna *semiotis* sajroning geguritan anggotane Sudi Yatmana. 3) Nemokake wujud *semiotis*, banjur menehi tafsiran utawa makna *semiotis* sajroning geguritan. Sabanjure yaiku ngonceki *filosafat eksistensial-e* panggurit kang ana gayutane kalawan manungsa sajroning bebrayan agung, kang dicundhukake adhedhasar tafsiran lan *data* kang ana.

## C. ANDHARAN

### 4.1 Guritan “Mripat”

Guritan kanthi irah-irahan “Mripat”, kang nggambarake pangudarase panggurit tumrap bab kang gayutan kalawan perangan anggane manungsa kang digunakake kanggo nyawang samubarang ing sakiwa tengene. Amrih cethane, setitekna guritan iki.

#### Mripat

mripat kuwi tinghal tingal tihal  
metatesise muni lihat  
uga paningal soca utawa mata  
diarani netra basa sansekerta  
teges piranti kang nenuntun kang dadi pangrasa

manungsa tanpa netra  
pindhane kinjeng tanpa soca  
poyang-payingan nabrak-nabrak gedandapan  
(aduh Gusti nyuwun kawelasan)

kuwi pancen sisaptane netra kepala  
dene gedhe panarimane  
nuli pinaringan ganjaran netra pramana  
upama wuta mripate  
nora wuta kabatinane

ana netra buthek pikiran judheg ati mbedhedheg  
ana mripat kiyer-kiyer rada kera tur pendul  
kae mono rembes bloboken beleken

ana mata sing didodok ing dhengkul  
dadine mata mlorok ora ndedelok  
mata mlolo hora weruh kebo

“aduh Gusti  
menika wonten pandung dipungebagi  
mendelik mripatipun ngajrih-ajrihi  
nyuwun pangapunte Gusti  
awit durakaning sesami  
awit kiranging pangabekti”

ana mripat liyepan thelengan kedhondhongan  
ana netra kocak blalak-blalak ngondar-andir  
ana mripat bening lindri-lindri ndamar kanginan  
kang ruruh tajem amasopati  
yen ngujiwat sing nyawang ora kuwat  
yen mbalang liring sing nyawang gonjang-ganjing

mripat  
minangka sarengat liwat tarekat  
tumuju marang makripat

kang tundhone anjog hakekat

kabeh kuwi kang sejati  
muhung kanggo mangsuli  
apa ta hakekat uripe uripmu uripku iki

Panjebar Semangat, No. 30  
26 Juli 2008

Gegambaraning guritan kanthi irah-irahan “Mripat”, yaiku guritan dumadi saka sangang (9) pada. Pada kapisan, dumadi saka limang (5) gatra, pada kapindho, dumadi saka patang (4) gatra, pada katelu, dumadi saka (5) gatra, pada kapapat lan kalima, dumadi saka telung (3) gatra, pada enem lan pitu, dumadi saka enem (6) gatra, pada wolu, dumadi saka patang (4) gatra, pada sanga, dumadi saka telung (3) gatra. Sajroning guritan panggurit uga mratelakake ngenani uneg-unege kang gayutan kalawan panguripane manungsa kang saya suwe saya adoh marang Pangeran, lan ora padha ngerti ngenani hakekat panguripan ing donya iki.

#### 4.1.1 Wujuding Struktur Guritan “Mripat”

Wujud *struktur* guritan sajroning guritan kanthi irah-irahan “Mripat”, bisa kapilih dadi telung (3) jinis, yaiku: pamilihing tembung (*diksi*), *retorika* lan lelewaning basa, sarta *Citraan*. Kepriye cethane, setitekna ana andharan iki.

##### 4.1.1.1 Pamilihing Tembung (*diksi*)

Pamilihing tembung ‘mripat’ kang dadi irah-irahane guritan mau wis trep. Katitik miturut tembung, mripat ing kene ateges piranti pancadriya sing dianggo ndedeleng (Atmodjo, 1996: 209). Tembung ‘mripat’ kaanggep wis bisa nyulih isi sakabehing guritan.

Kapilihe tembung ‘nuli’ sajroning guritan iki, saemper surasane kalawan tembung ‘banjur’. Tembung ‘nuli’ luwih dipilih dening pangripta tinimbang tembung ‘banjur’, jalaran tembung ‘nuli’ ing kene kanggo nuwuhake kaendahan, lan kanggo nglarasake wirama kalawan tembung sabanjure. Saliyane iku, manawa disetitekake kanthi tumemen, panganggone tembung ‘banjur’ manawa dicakake sajroning pethikan guritan kasebut mau, karasa luwih trep tinimbang tembung ‘nuli’ kang dirasakake kurang salaras kalawan tetembungan liyane sajroning pethikan.

Tembung ‘mbedhedheg’, kaya dene panganan kang wis diwenahi janganan, nanging ora langsung dipangan. Sajroning guritan tembung ‘mbedhedheg’ nduweni teges manawa nuduhake ati manungsa kang lagi lara utawa mangkel marang wong liya. Pamilihe tembung ‘mbedhedheg’, jalaran ora ana tembung liyane kang saemper, nanging nambahi kaendahan lan kasalarasing swara sajroning guritan. Kaendahan lan kasalarasing swara mau, amarga anane fonem /e/ kang salaras kalawan tembung ‘buthek’ lan ‘judheg’.

Kapilihe tembung ‘mripat’, ‘sarengat’, ‘liwat’, ‘tarekat’, ‘makripat’, ‘hakekat’, kang manggon ing gatra wolu, nuwuhake swara kang endah lan salaras kanthi mujudake swara sigeg /et/ utawa /t/.

Tembung ‘uripe’, ‘uripmu’, ‘uripku’, sajroning reroncening ukara mau, mrathandani manawa pangripta nduweni mitrawicara. Tembung ‘uripe’ kapilih dening pangripta sajroning guritane minangka kanggo gegantine tembung sesulih, kang nduweni surasa saemper kaya dene ‘dheweke’ utawa ‘piyambake’. Manawa tembung ‘uripmu’, kanggo gegantine tembung sesulih, kang nduweni surasa saemper kaya dene ‘kowe’, ‘rika’, ‘ndika’, ‘awakmu’, lan ‘koen’. Tembung ‘uripku’, digunakake kanggo gegantine tembung sesulih, kang nduweni surasa saemper, yaiku ‘aku’ (panggurit).

#### 4.1.1.2 Retorika lan Lelewaning Basa

Wujud *retorika* lan lelewaning basa kang tinemu sajroning guritan kanthi irah-irahan “Mripat”, kaya dene: *purwakanthi guru sastra, purwakanthi guru swara, purwakanthi lumaksita, rima mutlak, lan rima rata*. Amrih cethane, setiteknane andharan iki.

##### (1) Purwakanthi guru sastra

Purwakanthi guru sastra kang tinemu sajroning guritan kanthi irah-irahan “Mripat”, cacahé mung tinemu loro, kaya andharan iki.

*mripat kuwi tinghal tingal tihal*

Tembung ‘tinghal’, saka pethikan guritan mau, nduweni aksara/t/ kang padha ing tembung ‘tingal’ lan ‘tihal’, nduweni tujuwan kanggo nglarasake swara ‘tinghal’, ‘tingal’ lan ‘tihal’. Saka reroncening tembung sajroning ukara mau keprungu endah manawa dirungokake, jalaran nduweni swara kang sairib apurwa aksara yaiku /t/. Manawa tembung ‘tinghal’ diganteni tembung kang surasane sairib, yaiku ‘netra’ utawa ‘soca’, mangka swara lan surasa kang dituwuhake dadi kurang endah, jalaran tembung ‘netra’ utawa ‘soca’, dadi ora salaras purwane kalawan tembung /t/. Saliyane iku, andharan mau nuduhake anane purwakanthi guru sastra.

.....  
*apa ta hakekat uripe uripmu uripku iki*

Panganggone tembung ‘uripe’, nduweni aksara /p/ kang sairib surasane kalawan tembung ‘uripmu’ lan ‘uripku’. Reroncening tetembungan mau, manawa diruntutake utawa dijejer nuwuhake swara kang endah, kanthi anane aksara yaiku /p/.

##### (2) Purwakanthi guru swara

Purwakanthi guru swara kang tinemu sajroning guritan kanthi irah-irahan “Mripat”, cacahé mung tinemu loro, kaya andharan iki.

.....  
*dene gedhe panarimane*

Tembung ‘dene’ nduweni aksara kang padha ing tembung ‘gedhe’, lan ‘panarimane’. Tembung ‘dene’, nduweni tujuwan kanggo nglarasake swara ‘gedhe’ lan ‘panarimane’. Saka reroncening tembung sajroning ukara mau keprungu endah manawa dirungokake, jalaran nduweni swara kang sairib yaiku /e/. Saliyane iku, kanthi anane aksara kang sairib /e/ mau, pranyata luwih bisa najemake makna tetembungan kasebut. Tembung ‘dene’ manawa diganteni kalawan tembung ‘awit’, ‘ana’, ‘padha’, mangka swara lan surasa kang dituwuhake dadi kurang endah manawa dirungokake.

*ana mata sing didodok ing dhengkul  
dadine mata mlorok ora ndedelok  
mata mlolo hora weruh kebo*

Panganggone aksara kang kacethak kandel kasebut, nuwuhake swara /o/ utawa adat kalumrahane swara o miring, kaya ing tembung ‘didodok’, ‘mlorok’, ‘ndedelok’, ‘mlolo’, ‘hora’, lan ‘kebo’. Kanthi anane panganggone swara kang salaras mau, nuwuhake kaendahane guritan nalika kawaca.

##### (3) Purwakanthi lumaksita

Purwakanthi lumaksita kang tinemu sajroning guritan kanthi irah-irahan “Mripat”, cacahé tinemu papat, kaya andharan iki.

.....  
*upama wuta mripate  
nora wuta kabatinane*

Tembung ‘wuta’ sajroning pethikan guritan kasebut mau, katon diambali maneh ing gatra sabanjure, pranyata menahi daya mbangetake saka pamawas kang dituduhake dening pangripta. Saliyane iku, surasane teges kang kinandhut katon luwih wigati kanthi anane pangambalaning tembung mau.

*ana mata sing didodok ing dhengkul  
dadine mata mlorok ora ndedelok  
mata mlolo hora weruh kebo*

Panganggone tembung ‘mata’ sajroning pethikan guritan kasebut mau, ateges peranganing angganing manungsa kang gunane kanggo nyawang samubarang ing sakiwa tengen. Tembung ‘mata’ mau, katon diambali maneh ing pethikan pada kalima, pranyata menahi daya mbangetake sawijine pamawas kang dituduhake dening pangripta. Saliyane iku, surasane teges kang kinandhut katon luwih wigati kanthi anane pangambalaning tembung mau.

.....  
*yen mbalang liring sing nyawang gonjang-ganjing*

Panganggone tembung ‘gonjang-ganjing’, nuduhake anane purwakanthi lumaksita kang diambali maneh tembungé. Tembung ‘gonjang-ganjing’ mau, uga senebut tembung lingga salin swara kang owah tembungé kang ngarep, yaiku linggane ‘gonjing’ ateges obah. Saka

pethikan mau, nggambarake wong lanang kang obah atine jalaran nyawang wong wadon kang ayu banget.

#### (4) *Rima Mutlak*

*Rima mutlak* kang tinemu sajroning guritan kanthi irah-irahan “Mripat”, cacahé mung tinemu papat, kaya andharan iki.

.....  
*Poyang-poyangan nabrak-nabrak gendadapan*

Panganggone tembung ‘nabrak-nabrak’ sajroning pethikan guritan mau, kalebu rima mutlak. Teges kang kinandhut sajroning reroncening tetembungan mau, nggambarake kewan arane kinjeng, manawa ora nduweni mripat mula kangelan anggane miber, kaya dene manungsa tanpa mripat rasane urip kaya-kaya ora ana gunane jalaran ora bisa nyawang kahanan sakiwa tengene.

.....  
*ana mripat kiyer-kiyer rada kera tur pendul*

Tembung ‘kiyer-kiyer’ sajroning pethikan guritan mau, mujudake wewangunan rima mutlak. Miturut jinise, tembung ‘kiyer’ iku kalebu tembung kahanan, ateges nuduhake wong kang lagi ngantuk. Kanthi anane tembung ‘kiyer-kiyer’, surasane katon endah.

.....  
*ana netra kocak blalak-blalak ngondar-andir*

Panganggone tembung ‘blalak-blalak’ sajroning pethikan mau, kalebu rima mutlak. Miturut jinise, tembung ‘blalak’ iku kalebu ing golongan tembung aran, kang banjur karangkep pangrakite. Saka tembung ‘blalak’ nduweni teges mripat kang amba sarta katon bening (Atmodjo, 1996: 41). Mula saka iku, tembung ‘blalak-blalak’ nduweni teges manawa nuduhake mripate wong wadon kang amba sedhengan lan disawang katon bening.

.....  
*Ana mripat bening lindri-lindri ndamar kanginan*

Tembung ‘lindri-lindri’ sajroning pethikan mau, kalebu rim mutlak. Miturut jinise, tembung ‘lindri’ uga kalebu golongan tembung kahanan, ateges mata sing ciyut nanging nemsemake lan endah (Atmodjo, 1996: 195). Mula saka iku, miturut pangrakite, tembung ‘lindri-lindri’ nduweni teges manawa nuduhake mripate wong wadon kang disawang katon ciyut lan endah sarta njalari nengseme atine wong lanang.

#### (5) *Rima Rata*

*Rima rata* kang tinemu sajroning guritan kanthi irah-irahan “Mripat”, cacahé mung tinemu loro, kaya andharan iki.

*mripat  
minangka sarengat liwat tarekat  
tumuju marang makripat  
kang tundhone anjog hakekat*

Panganggone swara /t/ sajroning pungkasaning ukara saben gatra nuduhake rima rata, yaiku tembung ‘mripat’, ‘tarekat’, ‘makripat’ lan ‘hakekat’. Saliyane ngandhut rima rata, sajroning pethikan guritan mau, uga tinemu anane purwakanthi guru swara. Kanthi anane kalorone iku mau, guritan dirasa luwih ndayani. Saka pethikan guritan mau, nggambarake ngenani prekara mripat kang digunakake kanggo nyawang kasunyatan kang ana ing donya iki.

*kabeh kuwi kang sejati  
muhung kanggo mangsuli  
apa ta hakekat uripe uripmu uripku iki*

Tembung ‘sejati’ sajroning guritan, kang manggon ing pungkasaning gatra nduweni swara kang sairib surasane kalawan tembung ‘mangsuli’ lan ‘iki’. Tembung ‘sejati’, ‘mangsuli’ lan ‘iki’, nduweni swara kang sairib, yaiku swara /i/ utawa adat kalumrahane diarani swara i miring.

#### 4.1.1.3 *Citraan*

Gegambaraning angen-angen (*citraan*), kang tinemu sajroning guritan kanthi irah-irahan “Mripat”, mung tinemu siji, yaiku *citraan* pandulu, amrih cethane, gatekna andharan iki.

##### (1) *Citraan Pandulu*

Gegambaraning angen-angen (*citraan*) pandulu, asring banget digunakake dening panggurit. *Citraan* kang kasile saka pandulu diarani *citra* pandulu (*visual imagery*), Pradopo (2002: 81). Luwih gamblange gatekna andharan ngisor iki.

*ana netra buthek pikiran judheg ati mbedhedheg  
ana mripat kiyer-kiyer rada kera tur pendul  
kae mono rembes bloboken beleken*

Saka pethikan guritan mau, panliten mratelakake anane *citraan* pandulu. Ing kene, kaya-kaya panggurit ngajak pamaos supaya melu nyawang macem-maceme mripate manungsa, kaya dene mripat kang kiyer-kiyer kang nuduhake wong lagi tangi turu mripate katon rembes bloleken bleleken.

.....  
*yen ngujiwat sing nyawang ora kuwat  
yèn mbalang liring sing nyawang gonjang-ganjing*

Pethikan guritan mau, mratelakake anane *citraan* pandulu kang dituduhake dening panggurit kanthi anane tembung ‘nyawang’. Saka pethikan guritan mau, nggambarake rasa senenge wong lanang nalika nyawang wong wadon kang ayu banget nganti njalari atine wong lanang gonjang-ganjing.

#### 4.1.2 Wujuding Aspek Semiotis

Wujuding *aspek semiotis* sajroning guritan kanthi irah-irahan ‘Mripat’, manut *sistem* katandhan, gegambaraning guritan mau ngenani pamawase panggurit ngenani sawijining bab. Pamawase panggurit mau, gegayutan kalawan perangan angganing manungsa kang gunane kanggo nyawang samubarang ing sakiwa tengene manungsa. Mula saka iku, tandha-tandha kang ana gayutane kalawan prekara mripat, lumantar tembung-tembung sajroning guritan, kaya dene tembung ‘mripat’, ‘wuta mripate’, ‘wuta kabatinane’, ‘netra buthek’, ‘mripat kiyer-kiyer’, ‘mata mlorok’, ‘mripat liyepan’, ‘netra kocak’, ‘mripat bening’, ‘tarekat’, ‘makripat’, ‘hakekat’.

Manut struktural, tembung ‘Mripat’ sajroning guritan kang mujudake irah-irahane guritan. Panggurit pengin mratelakake ngenani prekara mripat kang diduweni dening manungsa, jalaran ‘mripat kuwi tinghal tingal tihal’ kang gunane kanggo nyawang. Manawa ‘manungsa tanpa netra’ uripe sarwa kasusahan ‘poyang-payingan nabrak-nabrak gendadapan’. Manungsa ‘upama wuta mripate’ kang ora bisa nyawang kasunyatan ing donya iki, kang wigati ‘nora wuta kabatinane’. Macem-macem jinising mripat, ‘ana netra buthek pikiran judheg ati mbedhedheg’, ‘ana mripat kiyer-kiyer rada kera tur pendul’ kaya dene wong tangi turu. Ana mripate manungsa kang ora digunakake kanggo nyawang ‘dadine mata mlorok ora ndedelok’. Kanugrahan saka Gusti kang awujud mripat, kudune disyukuri lan ngerteni makna kang gayut kalawan tarekat, makripat, lan hakikat.

Andharan mau, mratelakake manawa sajroning guritan kasebut, mripat kang kalebu perangan angganing manungsa kuwi gunane kanggo nyawang samubarang kang ana ing alam donya iki. Manawa manungsa tanpa mripat anggane nindakake samubarang uga bakal kangelan. Saliyane iku, manungsa kang tanpa mripat tegese manungsa mau wuta sing paling wigati mripat kabatinane ora wuta. Mripat kabatinan bisa nuntun manungsa anggane tumindak becik, nanging kadhang kala ana manungsa sing ora percaya karo mripat batine. Jinise mripat sajroning guritan uga akeh banget, kayata mripat buthek, mripat kiyer-kiyer, mripat mlolok lan mripat mlolo. Saliyane mripat kang kaya mangkono mau, ana mripat kang bisa njalari atine wong lanang gonjang-ganjing, yaiku mripat kang diduweni dening wong wadon. Mripat mau, kayata mripat liyepan, mripat kocak blalak-blalak lan mripat bening lindri-lindri. Nanging, kang wigati sajroning guritan, sejatine manungsa kuwi kudu ngerti ngenani bab tarekat, makripat lan hakekat. Telung jinis bab mau, ana gayutane kalawan prekara mripat kang diduweni manungsa ora mung kanggo nyawang samubarang kang ana ing donya. Mripat mau, uga kanggo nile manungsa liyane, banjur ngaweruhi anane Pangeran kang nyiptakake donya sarta isine sarta

ngerteni kahananing alam donya lan *makhluk* ciptane Pangeran liyane kang urip ing donya.

Manawa digayutake kalawan kasunyatan sajroning bebrayan agung, manungsa wis ora eling tujuwane Pangeran menehi mripat kanggo para umate. Manungsa mung ngerti yen mripat kuwi kanggo nyawang samubarang kang kenek disawang nganggo mripat lan ora ngupaya najemake mripat batine. Kasunyatan kang ana, manungsa mligine nem-neman saiki nggunakake mripate mung kanggo nyawang samubarang kang ala sing bisa ngrusak pikiran lan *akhlak-e* para nem-neman saiki. Ora mung iku wae, mripat sarta mripat batin kang diduweni para pamimpin jaman saiki uga padha wuta kabeh, ora ngerti lan nyawang kasusahane wong cilik anggane urip saben dinane. Para pamimpin mung bisa nggunakake dhuwit rakyat tanpa nyawang kahanan rakyat sing akeh-akehe uripe sarwa kasusahan lan kacingkrangan. Sejatine Pangeran menehi mripat kanggo manungsa, ora mung kanggo nyawang samubarang kang dingerteni, nanging samubarang kang asipat becik, kahanan manungsa liyane iing alam donya lan liya-liyane sing salaras kalawan dhawuhing Pangeran. Kabeh mau kudu dingerteni dening manungsa, supaya bisa nindakake panguripan saben dinane kanthi becik.

#### 4.1.3 Maknaning Aspek Semiotis

Maknane *aspek semiotis* sajroning guritan kanthi irah-irahan “Mripat”, bisa kawawas kaya mangkene. Saka irah-irahane “Mripat”, ngandhut sawijining makna manawa panggurit kepengin nuduhake marang pamaos ngenani sawenehing bab kang ana gayutane kalawan perangan angganing manungsa kang gunane kanggo nyawang samubarang ing sakiwa tengene. Manawa dicundukake ing isine guritan, mripat saliyan kanggo nyawang, uga piranti kang nenuntun kang dadi pangrasa, jakaran manungsa tanpa mripat kaya-kaya urip ing tengah alas kang sarwa peteng. Nanging, kadhang kala manungsa ora nduweni rasa syukur marang peparingane Gusti kang awujud mripat mau, jalaran manungsa kanthi sengaja utawa orane isih gelem tumindak ala, ora ngabekti marang printahing Pangeran.

Wujud tandha ‘mripat’ arupa kanugrahaning Gusti kang paling wigati ing panguripane manungsa. Mripate manungsa mau, kanggo nyawang kasunyatan ing donya iki. Pangeran menehi mripat kanggo manungsa uga kanthi tujuwan, supaya digunakake kanggo nyawang samubarang kang asipat becik. ‘tegehe piranti kang nenuntun kang dadi pangrasa’, awujud tandhane yaiku tembung ‘pangrasa’ kang ngandhut sawijining makna manawa saliyan mripat kang nenuntun lakuning manungsa, uga ana mripat kang dadi pangrasane manungsa. Pangrasa mau, diarani mata ati kang nenuntun apa kang dadi pepenginane manungsa. Manungsa mesthi

tuwuh rasa bingunge nalika ngadhepi antarane rong pilihan sajroning panguripane. Saliyane nggunakake pikiran kanggo milih antarane rong jinis pilihan mau, manungsa uga kudu ngrungokake apa kang ana sajroning atine, jalaran mata ati manungsa ora bakal bisa ngapusi. Mula saka iku, manungsa wuta mripate nanging aja nganti manungsa wuta mata atine.

‘manungsa tanpa netra’, ‘pindhane kinjeng tanpa netra’ wujud tandha kawawas saka tembung ‘netra’ kang ngandhut makna manawa manungsa tanpa netra kaya dene kewan kinjeng tanpa netra, kang kangelan anggone miber. Suwalike, manungsa uga kaya mangkono, tanpa mripat bakal gendhadhapan anggone mlaku. Sanajan kaya mangkono, kudune manungsa ora kuwatir, jalaran isih akeh kanugrahaning Gusti liyane, kaya dene cangkem kanggo ngomong, kuping kanggo ngrungokake, sikil kanggo mlaku, tangan kanggo nindakake samubarang, irung kanggo nganbu. Kabeh mau wajib disyukuri dening manungsa, jalaran ana mata atine manungsa kang bisa nuntun. ‘poyang-payingan nabrak-nabrak gedandapan’ (aduh Gusti nyuwun kawelasan), ngandhut makna manawa manungsa bisa nyawang utawa orane, kabeh mau saka peparangane Gusti. Manawa kasusahan, manungsa eling marang Pangerane, nanging manawa seneng manungsa kaya-kaya ora kelingan sejatine dheweke (manungsa) iku sapa.

‘kuwi pancen sisaptane netra kepala’ lan ‘dene gedhe panarimane’. Saka pethikan mau ngandhut sawijining makna manawa manungsa kudu nduweni sipat sabar lan trima apa kang ana sajroning panguripane. ‘nuli pinaringan ganjaran netra pramana’, wujud tandhane tembung ‘netra pramana’ ateges jinising netrane bathara guru kang jejuluk trinetra. ‘upama wuta mripate’ sarta ‘nora wuta kabatinane’, wujud tandhane yaiku tembung ‘mripat’ lan ‘kabinane’, kang ngandhut sawijining makna, manawa manungsa kudu nuwuhake rasa sabar lan ikhlas anggone nrima kanugrahan Gusti. Manawa kanugrahan mau, manungsa kang wuta mripate uga kudu disyukuri, jalaran kang wigati isih ana batin kang nenuntun.

‘ana netra buthek pikiran judheg ati mbedhedheg’ anane tembung ‘netra buthek’ kang dadi tandha, nduweni makna kang nuduhake manawa mripate manungsa iku ora bisa ngapusi. Ora bisa ngapusi ing kene tegese, manawa lagi nandhang susah utawa seneng tanpa ngomong, manut ora langsung wong liya mesthi ngerti. Saliyane iku, nalika manungsa lagi bingung, akeh pikiran uga bisa kawawas saka mripat. Saka andharan mau, bisa didudut manawa mripat iku gegambaraning manungsa kang ora bisa ngapusi. ‘ana mripat kiyer-kiyer rada kera tur pendul’, wujud tandhane yaiku tembung ‘mripat kiyer-kiyer’ kang ngandhut makna manawa nuduhake kapribadene manungsa kang males anggone nyambut

gawe lan ora kebat kliwat. ‘kae mono rembes bloboken beleken’, kang ngandhut sawijining makna manawa nuduhake gegambarane wong kang ora nduweni rasa eman lan ngajeni tumrap badane jalaran katon ora resikan, kanthi anane tembung ‘bloboken’ lan ‘beleken’ kang dadi tandha.

‘ana mata sing didokok ing dhengkul’, wujud tandhane yaiku tembung ‘dhengkul’ ateges ros-rosan sikil antarane pupu karo kentol (Atmodjo, 1996: 89). Tembung ‘dhengkul’ sajroning pethikan mau, nuwuhake makna manawa wong kang ora nggunakake kanugrahan Gusti kang awujud ‘mripat’ kanthi becik. Anggone nggunakake mripat mau kanthi ora becik, kaya dene anggone nindakake samubarang mesthi ngawur, ora titi sarta tiliti. ‘dadine mata mlorok ora ndedelok’, kang dadi tandhane tembung ‘mlorok’ ateges ndedeleng matane katon amba (Atmodjo, 1996: 223). Tembung ‘mlorok’ sajroning pethikan mau, ngandhut makna manawa wong kang mung urip matane kang amba, nanging ora digunakake kanggo nindakake samubarang kang akeh pigunane jroning uripe. ‘mata mlolo hora weruh kebo’, wujud tandha tembung ‘mlolo’ ateges mencereng sarta mlolong matane (Atmodjo, 1996: 223). Tembung ‘mlolo’ sajroning pethikane guritan mau, njalari tuwuhe makna manawa nuduhake wewatekane pawongan kang keras, ora nduweni rasa sumeh marang wong liya, sarta gampang nesu utawa lara atine nalika nindakake cecaturan marang sapdhan.

Tetembungan ‘mripat liyepan’, ‘netra kocak’, ‘mripat bening’, kang nggambarake titikane wong wadon ayu kang nggawe nengsem atine wong lanang. ‘kang ruruh tajem amasopati’, pratandhane yaiku tembung ‘ruruh tajem’, kang ngandhut makna, nuduhake sipat lan solah bawane wong wadon kang alus, sarta watak kang keras, kukuh tumrap pendhiriyane ateges ora gampang kena omongane liyan. ‘yen ngujiwat sing nyawang ora kuwat’, nuduhake tandhane mripat kang diduweni wong wadon bisa njalari wong lanang tunduk, *takluk* lan gelem nindakake samubarang kanggo wong wadon kang ditresnani. ‘yen mbalang liring sing nyawang gonjang-ganjing’, wujud tandha, yaiku tembung ‘mbalang liring’ ateges kedheping panyawange wong wadon sepisanan njalari atine wong lanang langsung tuwuh rasa senenge. Tembung ‘mbalang liring’ sajroning pethikane guritan mau, ngandhut makna manawa nuduhake wong wadon kang nduweni sipat seneng nggodha wong lanang, mligine wong lanang kang nduweni sisihan. Suwalike, wong lanang kang ngerteni wong wadon nduweni sipat kaya mangkono, kudune bisa ngelingake lan ora gampang kena godhane. Sejatine, kabeh mau gumantung marang saben pawongan, nuruti kekarepane setan kang seneng manawa ngerteni manungsa tumindak ala, apa

eling marang Pangeran sadurunge nindakake tumindak ala.

‘mripat’ lan ‘minangka sarengat liwat tarekat’, wujud tandhane, yaiku tembung ‘tarekat’ kang ngandhut sawijining makna manawa tumindak lan salah bawane manungsa kang kalebu becik utawa ala, kang nile uga mripat kang diduweni dening manungsa liyane. Sejatine, manawa dingerteni, gunane mripat uga ora mung kanggo mastani kasunyatan ing donya iki, nanging uga kanggo nile manungsa lan sapepadhane. Saka panile mau, kanthi pangarepan supaya manungsa bisa padha-padha ngoreksi, lan tuwuhe pepenginan dadi pribadhi kang luwih becik. ‘tumuju marang makripat’, wujud tandha yaiku tembung ‘makripat’, kang ngandhut makna manawa gegayutan kalawan ngaweruhi anane Gusti. Sajroning pethikan mau, ngandhut piweling manawa sejatine manungsa iku kudu nuwuhake rasa percaya marang Gusti kang nyiptakake donya lan isine, kaya dene manungsa lan panguripan ing alam donya. Manungsa kang ora percaya anane Pangeran, lan nindakake samubarang kang dadi larangane, kalebu golongan wong *musyrik* lan Pangeran ora remen marang umate kang kaya mangkono. ‘kang tundhone anjog hakekat’, kang dadi wujud tandhane yaiku tembung ‘hakekat’ ateges kasunyatan kang ana ing alam donya. Kasunyatan kang ana ing donya iki, kalebu ngaweruhi anane Gusti (makripat), tumindak lan salah bawane manungsa (tarekat). Manawa manungsa wis ngerteni ngenani prekara tarekat, makripat, lan hakekat, mula manungsa bisa nindakake panguripane salaras kalawan printahing Gusti.

#### 4.1.4 Titikan Filsafat Eksistensialis

Titikan *Filsafat Eksistensialis* sajroning guritan kanthi irah-irahan “Mripat”, nggambarake pamawase pangripta ngenani pancandriane manungsa kang gunane kanggo nyawang samubarang ing sakiwa tengene, yaiku mripat. Miturut pamawase pangripta, manungsa tanpa mripat kaya kinjeng tanpa soca, anggone miber kangelan, nabrak-nabrak gendapan.

Saliyane iku, pangripta uga menahi pamawas, manawa mripat iku minangka tarekat, makripat lan hakekat. Mripat minangka tarekat, sejatine ora mung kanggo mastani kasunyatan ing donya iki, nanging uga kanggo nile manungsa lan sapepadhane. Saka panile mau, kanthi pangarepan supaya manungsa bisa padha-padha ngoreksi, lan tuwuhe pepenginan dadi pribadhi kang luwih becik. Mripat minangka makripat, gegayutan karo ngaweruhi anane Pangeran. Sejatine, manungsa kudu nuwuhake rasa percaya marang Pangeran kang nyiptakake donya lan isine, kayata manungsa lan panguripan ing alam donya. Mripat minangka hakekat, gegayutan karo kasunyatan ing alam donya. Kasunyatan kang ana ing donya iki, kalebu ngaweruhi anane Gusti

(makripat), tumindak lan salah bawane manungsa (tarekat). Manawa manungsa wis ngerteni ngenani prekara tarekat, makripat, lan hakekat, mula manungsa bisa nindakake panguripane salaras kalawan dhawuhing Pangeran.

## D. PANUTUP

### 1. Dudutan

Saka andharan mau, panliten ndudut manawa sajroning guritan kang bisa dionceki kanthi gamblang sajroning Antologi *Geguritan Alam Sawegung Anggitane Sudi Yatmana*, wujud *struktur* guritan kang diteliti ing kene ora kabeh naning kang paling onja, yaiku prekara pamilihing tembung (*diksi*), *retorika* lan lelewaning basa kayata purwakanthi guru sastra, purwakanthi guru swara, purwakanthi lumaksita, *rima mutlak* lan *rima rata*, sarta *citraan*.

Tata *aspek semiotis* sajroning guritan, akeh-akehe panggurit nggunakake tetembungan kang cetha lan nuduhake sawijining tandha. Cetha ing kene ateges sajroning ngandharake lan mujudake ekspresine, panggurit tansah nggayutake samubarang kaanan kang ana ing sakiwa tengene lan nate ditindakake dening panggurit. Reroncening tembung-tembung mau, karakit kanthi trep, nganti bisa nuwuhake anane penandha lan petandha kang ana sajroning guritan. Saliyane iku, panganggone tembung-tembung kang ngandhut sinamudana dening panggurit, kanthi tujuwan nuwuhake *unsur* kaendahan sajroning guritan kanthi cara nggunakake tetembungan kang asipat sinamudana mau, kang kagambar ing salah sawijining guritan kanthi irahirahan “*Gusti, Kula Dosa, Gusti, Kula Dora, Nyuwun Pangapura*”.

Makna *semiotis* kang ana sajroning guritan akeh-akehe ngandharake ngenani kahanan panguripane panggurit, kluwargane, manungsa lan bebrayan agung. Kebah mau mujudake maneka warna panguripane manungsa ing alam donya. Saliyane iku, saka makna kang ditemokake sajroning sepuluh (10) guritan kang dadi *objek* panliten mau, kebak piweling lan pituduh anggone nindakake panguripan saben dinane kang salaras kalawan dhawuhing Pangeran.

Titikan *filsafat eksistensialis-e* Sudi Yatmana sajroning reriptane, yaiku antologi geguritan AS nengenake jati dhirine (panggurit) minangka manungsa jawa kang remen marang sastra lan budaya jawa. *Filsafat eksistensialis* sajroning sepuluh (10) guritan kang dadi objek panliten, akeh-akehe ngrembug prekara panguripane manungsa ing donya kang dingerteni lan nate ditindakake dening panggurit. Saka samubarang kang dingerteni lan nate ditindakake mau, panggurit bisa menahi pamawase lan ngandharake uneg-unege lumantar reriptane kang kebak *filosofis* panguripane manungsa ing



alam donya. Awit saka iku, Antologi *Geguritan Alam Sawegung Anggitane Sudi Yatmana* iki, kalebu riptan sastra kang beda kalawan riptan sastra liyane, jalaran sajroning geguritanane tinemu *filsafat eksistensial* kang ora ditemokake ing antologi geguritan liyane.

## 2. Pamrayoga

Panliten iki mung ngrembug saperangan prekara *struktur* guritan kang digayutake kalawan *aspek semiotis* sajroning geguritan anggitane Sudi Yatmana. *Aspek-aspek* liyane, kang gegayutan kalawan *struktur* lan tandha (*semiotik*) sajroning guritan isih durung dionceki lan dibedhah kanthi jero lan gamblang. Panliten kang salaras kalawan babagan kasebut mau, prelu dianakake maneh kanthi cara kang luwih njlimet lan katiti kanthi tumemen, amrih mikolehi asil kang luwih becik lan mentes. Anane pepenginan mau, mugia kaleksanan kanthi becik, kanggo nuwuhake wawasan pamaos, ing sajrone nyinaoni, ngerteni basa lan kasusastran jawa, mligine ing babagan guritan.

### KAPUSTAKAN

- Aminuddin. 1987. *Pengantar Karya Sastra*. Bandung: PT. Sinar Baru Algesindo.
- Antunsohono. 1953. *Reringkesaning Paramasastra-Djawi*. Yogyakarta: Soejadi.
- Asa Berger, Arthur. 2005. *Tanda-Tanda Dalam Kebudayaan Kontemporer Suatu Pengantar Semiotika*. Yogyakarta: Tiara Wacana Yogya.
- Badrun, Drs. Ahmad. 1989. *Teori Puisi*. Jakarta: FKIP Universitas Mataram.
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Medpress.
- Djoko Pradopo, Rachmat. 2007. *Prinsip-prinsip Kritik Sastra*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- \_\_\_\_\_. 2002. *Pengkajian Puisi*. Yogyakarta: Mada University Press.
- Hoed, Benny H. 2011. *Semiotik & Dinamika Sosial Budaya*. Jakarta: Komunitas Bambu.
- Kattsoff, Louis o. 2006. *Pengantar Filsafat*. Yogyakarta: Tiara Wacana Yogya.
- Kutha Ratna, Nyoman. 2009. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Denpasar: Pustaka Pelajar.
- Luxemburg, Jan Van. dkk. 1984. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: PT Gramedia.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2009. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Padmosoekotjo, S. 1953. *Ngengrengan kasusastran djawa*. Jogjakarta: Hien Hoo Sing.
- Padmosoekotjo, S. 1956. *Sarine Basa Djawa*. Djakarta: Noordhoff-Kolff N.V.
- Santosa, Puji. 1993. *Ancangan dan Pengkajian Susastra*. Jakarta: Ang
- Sudjiman, Panuti lan Aart Van Zoest. 1996. *Serba-Serbi Semiotika*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Yatmana, Sudi. 2010. *Guritan Alam Sawegung*. Yogyakarta: Elmaterra Publishing.
- Adi Nugraha, Bambang. 2012. "Filsafat Ilmu Menurut Eksistensialisme". <http://psikologibebas.blogspot.com/2012/09/filsafat-ilmu-menurut-eksistensialisme.html>. (Diakses dina jum'at tanggal 28 Juni 2013 jam 10.28).
- Rss, Via. 2013. "Pemikiran Filsafat Eksistensialisme". [martin.htmls.wordpress.com/2013/01/13/pemikiran-filsafat-eksistensialisme/](http://martin.htmls.wordpress.com/2013/01/13/pemikiran-filsafat-eksistensialisme/). (Diakses dina jum'at tanggal 28 Juni 2013 jam 10.17).
- Surani, Prahesti. 2011. "Filsafat Eksistensialisme Martin Heidegger". <http://tahdihttp://hezthy.blogspot.com/2011/06/filsafateksistensialisme>. (Diakses dina jum'at tanggal 28 Juni 2013 jam 10.20).
- Atmodjo, S. Prawiro. 1996. *Bausastra Jawa*. Surabaya: Yayasan "Djojo Bojo".
- Padmosoekotjo. 1985. *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta: PN Balai Pustaka.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1937. *Baoesastra Djawi*. Tokyo:-